

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Novel *Babalik Pikir* karya Samsuodi mangrupa karya sastra nu nyaritakeun ngeunaan Si Eméd, budak nu bahula ka kolotna lamun dititah kacida liwarna, karesepna téh ulin ampleng-amplengan. Si Eméd dina pamustanganna mah nepi ka ditahan sagala, ti harita manéhna mimiti babalik pikir hayang jadi jalma bener.

Novel *Babalik Pikir* mangrupa salasahiji karya Samsuodi, anjeunna téh pangarang Indonésia munggaran nu ngahusukeun dirina pikeun nulis carita-carita budak. Dina taun 1993, ngaran Samsuodi diabadikeun jadi ngaran hadiah sastra pikeun buku bacaan barudak dina basa Sunda.

Eusi carita novel *Babalik Pikir* téh kaalaman ogé dina kahirupan nyata, réa kajadian budak kabur ti imahna. Ieu hal dirojong ogé ku data *Childrens Society* nu nyebutkeun unggal lima menit sakali aya kasus budak nu kabur ti imahna. Sawatara faktor nu jadi cukang lantaran budak kabur ti imah téh di antarana panandasan kolot, kulawarga nu sok ngahukum budakna, ogé hubungan nu teu di pidoa ku kolotna. Nurutkeun Matta (dina Natura, 2020, kc. 1) nyebutkeun aya 89 % rumaja nu kabur ti imahna ku sabab ngalaman tekenan fisik jeung psikis.

Nurutkeun Nurgiyantoro (2010, kc. 3) model-model kahirupan nu dicaritakeun dina karya sastra mangrupa kiasan, simbolisasi, babandingan, atawa perumpamaan tina kahirupan nu saenyana. Jadi saenyana mah, karya sastra téh bisa tina kahirupan nyata atawa kiasan. Salian ti bacaeun kolot, karya sastra ogé réa nu dihususkeun pikeun bacaeun barudak. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 1) kecap sastra sacara étimologi, asalna tina kecap *sas* jeung *tra*. *Sas* miboga harti ngarahkeun, ngajarkeun, ngawulangkeun, méré pituduh atawa paréntah, intruksi. Kecap *tra* miboga harti nu biasana nuduhkeun alat, pakakas, sarana. Jadi saupama dihijikeun kecap sastra miboga harti pakakas pikeun miwulang, buku pituduh, buku instruksi atawa buku pangajaran.

Aya ogé nu disebut sastra anak, Nurgiyantoro (2010, kc. 6) nyebutkeun sastra anak mangrupa karya sastra nu sacara husus dijieun pikeun bahan bacaeun budak. Geus tangtu ieu sastra téh miboga karakteristik nu béda jeung sastra déwasa.

Eusi carita sastra anak diwatesan ku pangalaman jeung pangaweruh budak nu bisa kahontal ku budak. Pangalaman jeung pangaweruh budak nu saluyu jeung dunyana, saluyu jeung kamekaran émosi jeung kajiwaanna.

Tujuan ieu panalungtikan téh pikeun medar karakteristik tokoh utama dina novel *Babalik Pikir*, ngagunakeun pamarekan psikologi perkembangan. Nurutkeun Endaswara (dina Minderop, 2010, kc. 59) psikologi sastra téh mangrupa kajian interdisplinér antara psikologi jeung sastra. Psikologi sastra mangrupa kajian sastra nu nilik karya sastra salaku aktivitas jiwa pangarang, anu ngagunakeun cipta, rasa jeung karsa nalika nyieun hiji karya. Pamarekan psikologi nu digunakeun pikeun nganalisis karakteristik tokoh utama dina ieu novel nyaéta ngagunakeun pamarekan psikologi perkembangan. Anapon Psikologi perkembangan tina prinsipna mangrupa cabang tina psikologi sastra (Desmita, 2016, kc. 1). Nurutkeun Fudyartanta (2011, kc. 3) psikologi perkembangan bisa didéfinisikeun minangka élmu pangaweruh nu nekenkeun jeung ngautamakeun pikeun nalungtik kagiatan jiwa budak dina periode-periode pertumbuhan jeung perkembangan tina lingkungan sabudeureunna, ti masa orok nepi ka déwasa.

Panalungtikan ngeunaan struktural, karakteristik tokoh utama, jeung psikologi perkembangan geus kungsi dilaksanakeun saméméhna ku sababaraha panalungtik dina wangun skripsi jeung jurnal, di antarana “Karakteristik Tokoh dina Novel *Prasasti Nu Ngancik na Ati* karya Popon Saadah pikeun Bahan Pangajaran di SMA (Tilikan Psikologi Sastra)” ku Deuis Santika taun 2015, “Karakteristik Tokoh Utama dina Novel *Budak Minggat* Karya Samsodi pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMA (Ulikan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)” ku Tegas Resta Natura taun 2020, “Konflik Psikologis Tokoh Utama dina Novel *Budak Teuneung* Karya Samsodi (Ulikan Struktural jeung Psikologi perkembangan) ku Zulfikar Alamsyah taun 2020.

Anapon panalungtikan dina wangun jurnal di antrana, “Ulikan Struktural jeung Psikologi kana Novel *Sripanggung* Karya Tjaraka” ku Rany Mahardika taun 2015, “Aspék Psikologis Novel *Ajar Kutamangu* karangan Yoseph Iskandar” ku Ruli Setiyadi, spk taun 2014.

Sanajan ieu panalungtikan sawanda jeung panalungtikan saacanna, tapi nu ngabédakeun dina objek nu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan baris dipedar

analisis struktur, karakteristik tokoh utama ngaliwatan pamarekan psikologi perkembangan, nu hasil ahirna bisa dijadikeun pikeun bahan ajar maca novel di SMA. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Karakteristik Tokoh Utama dina Novel *Babalik Pikir* Karya Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMA (Ulikan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, aya tilu pasualan nu patali jeung ieu panalungtikan. Éta pasualan téh bisa dirumuskeun sakumaha ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita novel *Babalik Pikir* karya Samsoedi?
- 2) Kumaha karakteristik tokoh utama dumasar kana pamarekan psikologi perkembangan dina novel *Babalik Pikir* karya Samsoedi?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun bahan ajar maca novel di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun struktur carita novel *Babalik Pikir* karya Samsoedi, sarta nganalisis karakteristik tokoh utama ngagunakeun tiori psikologi perkembangan kognitif nurutkeun Jean Piaget. Maluruh ngeunaan kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun bahan ajar.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita novel *Babalik Pikir* karya Samsoedi;
- 2) analisis karakteristik tokoh utama ngaliwatan wujud psikologi perkembangan dina novel *Babalik Pikir* karya Samsoedi;
- 3) ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun dijadikeun bahan ajar.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan miboga mangpaat anu dibagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat téoritis ieu panalungtikan nyaéta pikeun kamekaran élmu sastra, utamana bisa ngajembaran widang sastra, husuna psikologi perkembangan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun nu nalungtik, dipiharep bisa nambahan paélmuan nu keur ditalungtik sarta mikanyaho analisis psikologi sastra hususna psikologi perkembangan nu kapanggih dina novel *Babalik Pikir* karya Samssoedi;
- 2) pikeun guru, bisa dipaké pikeun mekarkeun bahan ajar di sakola;
- 3) pikeun siswa, bisa dipaké pikeun numuwuhkeun karesep tur karepna kana diajar sastra Sunda;
- 4) pikeun masarakat umum, bakal ngajembaran pangaweruh masarakat kana kasastraan hususna dina ulikan struktural jeung psikologi sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta mangpaat panalungtikan. Tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Anapon mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis. Lian ti éta, dina pedaran bab I dipedar ngeunaan raraga tulisan sacara sistematis.

Bab II Ulikan Tiori, medar ngeunaan tiori-tiori panalungtikan anu baris dilaksanakeun, nyaéta tiori struktural jeung psikologi perkembangan.

Bab III Métode Panalungtikan, medar ngeunaan métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, métode jeung téhnik panalungtikan, sarta instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, ngadadarkeun hasil panalungtikan atawa hasil analisis luyu jeung tiori sarta métode nu digunakeun. Naon nu ditulis dina ieu bab mangrupa jawaban tina rumusan masalah nu ditulis dina bab 1.

Bab V Kacindekan, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, sarta nyieun rékomendasi atawa saran dumasar kana hasil panalungtikan.